

LEKÒL PIBLIK BOSTON



BIWO "SUPERINTENDENT" AN

2 avril 2010

Bonjou fanmi ki gen pitit nan Lekòl Piblik Boston yo,

Pandan nou tout nan kominote lekòl BPS yo ap travay di chak jou dekwa pou asire elèv nou rive aprann vitebyen sa yo dwe konnen nan domèn akademik, nou pa bliye tou sekirite ak byenèt ki la nan tèt lis priyorite nou. Entimidasyon ak chèche kont menm nan entènèt afekte abilite yon elèv pou li konsantre sou travay lekòl li enpi pou li reyisi nan klas tankou lòt kote. Konpòtman vagabondaj sa yo ban nou tètchaje sitou nou menm ki ap travay ak timoun enpi ak jennmoun tou. Bagay nou wè nan nouvel tou denye tan yo raple nou konsekans trajik chèche kont ka genyen sou yon elèv, e nou pral kontinye travay pou nou pa kite okenn rapò sou konpòtman sanzave sa yo rete san repons.

Nan mwa fevriye a, Majistra Thomas M. Menino te mete an sèvis yon nimewo telefòn ijans pou lavil Boston (617 534-5050). Pandan n ap ankouje ou ak tout pitit ou a pou rapòte tout zak entimidasyon bay responsab lekòl yo, nou konprann tou gen lè yon elèv ka pi pito telefone pou pale sou sa ki ap trakase li.

Nou angaje tèt nou tou nan yon seri efò kolaboratif ak Sèvis Sekirite nou an ki ap travay ak yon ekip administratè lekòl dekwa pou yo jwenn repons apwopriye ak tout zak kraponnay. Nou pral kontinye sesyon sa yo jouk tout anplwaye nan lekòl yo resevwa fòmasyon sou sa. Anplis, nou pral trè estrik sou kontwòl telefòn selilè, menmjan ak aktivite entènèt enpi tout lòt zouti kominikasyon mobil yo. Menmlè nou konnen li enpòtan anpil pou nou trete tout plent ak anpil serye, nou kwè tou evite miyò pase mande padon. Nou pral kontinye edike elèv nou yo sou konsekans move zak entimidasyon ka genyen epitou nou pral bay pwofesè nou yo materyèl ki prepare pou chak nivo laj dekwa pou yo aprann timoun yo gen respè youn pou lòt enpi chèche sa ki pozitif pou klima lekòl la. Chofè otobis lekòl yo tou ap gen pou rapòte bay lekòl la tout ensidan ki pase nan otobis yo.

Nan do lèt sa a, nou mete kèk enfòmasyon ki ka ede ou rekonèt lè pitit ou sibi zak entimidasyon, ou ap jwenn tou ki estrateji sou fason ou ka ede li pran bonjan desizyon pou reponn ak zak kraponnay yo, kit li se viktim nan oubyen li se temwen.

Si ou ta renmen konnen plis sou fason oumenm oswa pitit ou a ta dwe konpòte nou oka nou kontre ak zak entimidasyon lakay, nan lekòl, sou entènèt la, tanpri vizite www.bostonpublicschools.org/antibullying. Ou ka enskri tou sou sit wèb nou an pou sesyon ki pral fèt jou ki va premye me a nan Inivèsite Paran yo, nou pral ofri fanmi yo yon katalòg atelye fòmasyon konplè sou sekirite nan entènèt.

Mèsi anpil pou kolaborasyon nou kenbe pa lage ou ban nou an dekwa pou asire chak elèv trete yon lòt ak respè enpi ranmase konesans, ladrès ak konfyans pou li reyisi nan kolèj, nan karyè li ak lavi li tou.

An tout senserite,

Carol R. Johnson
"Superintendent"

Kijan ou ka ede pitit ou a defann tèt li kont “bullying”?

Kisa yo rele “bullying”?

“Bullying” se konpòtman nou rele kraponnay timoun konn fè pou yo ka montre pouvwa oswa fòs yo. Yon timoun ki sibi kraponnay ka pakab defann tèt li. Pafwa, kraponnay la repete anpil fwa. Kraponnay ka fèt sou anpil fòm, tankou:

- bay kou, koutpwen (atak fizik);
- chèche kont oswa bay move non (atak vèbal);
- entimidasyon ak jès oswa mepri (atak emosyonèl);
- joure nan telefòn oswa nan entènèt (cyberbullying).

“Bullying” ka gen konsekans grav. Timoun ki sibi zak kraponnay sa yo gen plis chans pou yo deprime, rete poukont yo, gen laperèz, pèdi konfyans nan tèt yo, pè ale lekòl enpi absan, santi yo malad, yo ka menm vle fè tèt yo mal.

Liplipaditan timoun yo pa di paran yo sa yo ap sibi paske yo anbarase, yo wont, yo pè lòt timoun k ap toumante yo a, oubyen tou yo tou senpman pa vle pase pou trèt ki ap pote plent bay granmoun yo rele “tattler” oswa “snitch.” Si pitit ou a ta rive di ou kisa li ap sibi nan lekòl seke sa gen tan rive twòp pou li enpi li reziyen li pran kouraj li adebra. Li bezwen konkou ou anpil pou frennen soufrans “bullying” la.

Kijan mwen ka ede pitit mwen an si li ap sibi zak entimidasyon?

- Pa mande li pou li pa okipe moun k ap toumane li yo. Si li te kapab vag yo poukont li li pa ta janm pale ak ou sou sa. Anpil fwa, pran poz ou pa okipe zak kraponnay yo ka fè konsekans yo vin pi grav.
- Pa blame timoun nan. Pa panse se li ki provoke lòt moun pou annouye li. Pa poze kesyon tankou “kisa ou te fè yo pou yo lage nan kò la?”, sa pap ede anyen.
- Tande byen sa pitit ou a ap rakonte ou sou sa yo fè li. Mande li pou li rakonte kijan, kikote ak konbyen fwa yon fè move zak sou li.
- Anvan ou kòmanse ba li konsèy, mande li kisa li te eseye fè poukont li pou rezoud pwoblèm nan. Fè li konpliman si li te pran bon desizyon nan sa li te eseye yo. Ankouraje li pale ak lòt moun ki ta ka ede li tou. Reflechi ansanm ak li pou wè kisa ki te reyisi oswa kijan nou pral bloke sa.
- Pale ak pwofesè pitit ou a, direktè lekòl la, konseye pedagojik la pou mande yo ede timoun nan evite danje. Demach ou yo ka mande yo pou yo fè lòt timoun k ap anmède pa ou a rete nan wòl li, mande pou yo sipèvizè lekòl la pi plis, ankouraje pitit ou fè zanmi pa li pou li pa rete izole. *Pa bliye:* lwa federal anpeche lekòl la di ki mezi yo pran ak okenn lòt timoun depi se pa pitit ou, menmsi ou santi ou se ou ki viktim.

- Pa janm ankouraje pitit ou a batay ak moun k ap chèche li kont (“Ba yo sa yo merite”) se pa yon bon solisyon. Si pitit ou a bay yon lòt kou menmsi se pou defann tèt li sa ka mete li menm nan pi gwo pwoblèm kote yo ka bay li pinisyon, fè li chita lakay li oubyen menm mete li deyò nan lekòl la paske se li yo ap bare ap fè vyolans.
- Pa eseye kontakte paran lòt timoun k ap toumante pitit ou a. Pafwa sa ka pa antre nan santiman lòt paran an.
- Si pitit ou a santi li izole, ede li jwenn aktivite ki pou ede li jwe, vin kontan tankou yon klib pa egzanp. Ede li fè bon zanmi konsa li ka dekouvri se pa li ki gen pwoblèm nan se zòt ki pa konn kijan pou yo fè zanmi ak moun, chèche kont pa ka yon mwayen pou moun aji ak lòt.

Kisa pou m fè si pitit mwen ta gen zanmi ki abizif?

- Tifi kou tigason ka gen moun yo byen ki chanje karaktè chak jou, jodiya yo byen ak ou, demen yo pa vle wè ou; yo pale ou mal dèyè do ou; sa ka fè pitit ou a konprann se li ki pwoblèm nan, se fòt li. Pi bon mwayen pou pwoteje tèt ou se pa rete zanmi ak moun konsa, ou konnen byen pwòp bon zanmi pa fè zanmi bagay konsa.
- Poze tèt ou kesyon pou wè si se pa pwoblèm aprann oswa timidite ki lakòz moun chwazi pitit ou a pou charonyen. Si pitit ou pa ka chita anplas, fache twò souvan, pale anpil, moun ki ap anmède li yo ka se reyaji yo ap reyaji ak konpòtman li a. *Nou pa vle di sa ka fè zak “bullying” vin nòmal*, men li toujou bon pou yon moun chèche konprann kisa ki lakòz yon lòt aksyon. Pale ak yon konseye ki ka ede pitit ou aprann pi bon fason pou li jwe yon wòl sosyal pozitif ak timoun parèy li yo.

Kijan mwen ka ankouraje pitit mwen denonse zak kraponnay ki pase devan je li?

- Ankouraje pitit ou a pou mete tèt ansanm ak sila ki pa dakò ak zak kraponnay sa yo enpi pote plent bay granmoun, lonje men bay timoun ki ap soufri zak sa yo. Konplimante pitit ou paske li pa fòre kò li nan zak entimidasyon sa yo. Fè li sonje se li ki mèl tèt li enpi li toujou ka ede yon lòt.
- Asire pitit ou a denonse move zak pa ka parèt tankou yon move zak zòt rele “tattling, snitching”. Montre yo sa yo dwe fè si yo ta santi yo menase. Di yo ki granmoun yo dwe wè e kisa yo dwe di.

SOUS:

www.stopbullyingnow.hrsa.gov, website of the U. S. Dept. of Health & Human Services | Health Resources & Services Administration
www.MARCCenter.org, website of the Massachusetts Aggression Reduction Center at Bridgewater State College

bostonpublicschools.org/antibullying

Telefòn “Anti-bullying”:

☎617-534-5050